

Refleksyon sou yon lavi konsekrasyon

Èldè D. Todd Christofferson

Nan Kolèj Douz Apot yo

Vrè siksè nan lavi sa a vini nan konsakre lavi nou---ki se, tan nou ak chwa nou---pou travay Bondye.

Lè m te jèn, m te vizite Ekspozisyon Mondyal 1964 la nan vil Nouyòk. Youn nan kote m te pi renmen yo sete paviyon Legliz Sen Dènye Jou yo avèk repwodiksyon enpresyonan flèch yo sou Tanp Salt Lake la. La pou lapremyè fwa, m te wè fim *Man's Search for Happiness (L'homme à la recherche du bonheur)* la. Reprezentasyon plan sali a nan fim nan, rakonte pa Èldè Richard L. Evans, te fè yon enpak pwofon sou anpil vizitè, enkli mwen menm. Pami tout lòt bagay, Èldè Evans te di:

“Lavi ofri nou de don presye---youn se tan, lòt la, libète pou chwazi, libète pou fè sa nou vle avèk tan nou. Nou lib pou n itilize tan nou nan bagay k ap ba nou frison. Nou gen dwa twoke li pou dezi ki san gwo valè moral. Nou gen dwa envesti li nan bagay materyèl.

“Nou gen libète pou chwazi. Men bagay sa yo pa itil anyen paske, nou pa jwenn okenn satisfaksyon dirab nan yo.

“Pou chak jou, chak èdtan, chak minit nan lavi nou sou tè a, n ap gen pou n rann kont yon jou. E se nan lavi sa a pou nou mache pa lafwa epi pwouve ke nou kapab chwazi byen olye mal, sa ki bon olye de sa k pa bon, bonè dirab olye de senp amizman. Epi rekonpans etènèl nou pral selon sa nou te chwazi.

“Yon pwofèt Bondye te di: ‘lèzòm te fèt pou yo kapab gen lajwa,’---yon lajwa ki enkli yon plenitid lavi, yon lavi devwe nan sèvis, nan lanmou ak amoni nan fwaye a, ak fwi travay onèt---nan aksepte Levanjil Jezikri a---ak kondisyon ak kòmandman l yo.

Se sèlman nan bagay sa yo n ap jwenn vrè bonè, bonè ki pa diminye lè limyè yo ak mizik la sispann epi foul la dispèse.”¹

Deklarasyon sa yo eksprime reyalite ke lavi nou sou tè a se yon entandans sou tan ak chwa Kreyatè nou an ba nou. Mo *entandans* lan fè n sonje lwa konsekrasyon Senyè a (gade, pa egzanp, D&A 42:32, 53), ki gen yon wòl ekonomik men, plis pase sa, se yon aplikasyon lwa selès pou lavi isit la ak kounyeya (gade D&A 105:5). Konsakre se mete yon bagay apa oswa dedikase l antanke yon bagay sakre, dedye pou bi ki sen. Vrè siksè nan lavi sa a vini nan konsakre lavi nou---ki se, tan nou ak chwa nou yo---pou bi Bondye (gade Jan 17:1, 4 ak D&A 19:19). Lè nou fè sa, nou pèmèt li elve nou nan destine ki pi wo nou.

Mwen ta renmen konsidere avèk nou senk eleman yon lavi konsekrasyon: pite, travay, respè pou kò fizik nou, sèvis, ak entegrite.

Jan Sovè a te demontre, lavi konsekrasyon se yon lavi ki pi. Pandan ke Jezi se sèl moun ki te mennen yon lavi san peche, moun ki vin jwenn ni epi ki pran jouk li sou yo gen dwa revandike gras li ki ap vin fè yo tankou li, inosan ak san tach. Avèk lanmou pwofon, Senyè a ankouraje nou nan pawòl sa yo: “Repanti, noumenm ki nan tout kwen tè yo, vin jwenn mwen, e batize nan non m, pou nou kapab sanktifye lè nou resevwa Sentespri a, pou nou kapab kanpe san tache devan m nan dènye jou a.” (3 Nefi 27:20).

Konsa, konsekrasyon vle di repantans. Nou dwe abandone tèt di, rebelyon, ak jistifikasyon, epi ranplase yo pa soumision, yon dezi pou korije, ak aksepte tout sa Senyè a ka mande. Se sa Wa Benjamen te rele retire moun natirèl la, soumèt anba enfliyans Sentespri a, epi vin tounen yon sen, “pa mwayen Ekspyasyon Kris la, Senyè a” (Mozya 3:10). Yon moun ki fè sa gen pwomès prezans konstan Sentespri a, yon pwomès ke l sonje ak renouvele chak fwa yon moun repantan pran sentsèn nan, Soupe Senyè a (gade D&A 20:77, 79).

Èldè B.H. Roberts te dekri pwosesis la yon fwa, avèk mo sa yo: “Moun ki mache anpil nan limyè ak sajès ak pouvwa Bondye, ap finalman, pa mwayen asosyasyon li avèk fòs sa yo, fè limyè ak sajès ak pouvwa Bondye a vin pa li---nan marye bèl reyon sa yo vin tounen yon chenn diven, k ap lye li pou tout tan avèk Bondye epi Bondye avèk li. Sa [se] tout sans pawòl saj Mesi a, ‘Menmjan Papa, ou menm ou nan mwen, mwen menm mwen nan ou’---sa ki se pi gwo akonplisman yon kretyen vivan kapab jwenn.”²

Yon lavi konsekrasyon se yon lavi travay. Kòmanse byen bonè nan lavi li, Jezi te angaje l nan travay Papa li (gade Lik 2:48—49). Bondye li menm glorifye pa travay li pou reyalize imòtalite ak lavi etènèl pitit li yo (gade Moyiz 1:39). Nou natirèlman dezire patisipe avèk li nan travay li, e lè n ap fè sa, nou dwe rekonèt ke tout travay onèt se travay Bondye. Dapre pawòl Thomas Carlyle yo: “Tout vrè travay sakre; nan tout vrè travay, menmsi se sèlman travay manyèl onèt, gen yon bagay diven ladan. Vrè travay, tout kalite sou tè a, mennen epi jwenn rekonpans nan syèl la.”³

Bondye te planifye egzistans mòtèl sa a pou mande prèske efò konstan. Mwen sonje deklarasyon senp Pwofèt Joseph Smith la: “Epi paske nou t ap travay tout tan, nou te kapab gen yon vi konfòtab” (Joseph Smith---Istwa 1:55). Pa mwayen travay, nou soutni ak anrichi lavi. Sa pèmèt nou siviv anba desespyon ak trajedi eksperyans mòtèl yo. Yon akonplisman byen merite pote yon santiman valè pèsonèl. Travay bati ak rafine karaktè, kreye bote, epi li se enstriman pou nou youn sèvi lòt ak Bondye. Yon lavi konsekrasyon ranpli ak travay, pafwa ki repete, pafwa senp, pafwa ki pa apresye, men toujou travay ki pote amelyorasyon, ki kreye ak mentni lòd, ki soutni, edifye, konsole, bay aspirasyon.

Apre m fin fè louwanj travay, mwen dwe ajoute yon ti pawòl pou divètisman tou. Menmjan travay onèt fè nou santi dousè repo a, bon jan divètisman se zanmi ak konpayon konstan travay. Mizik, literati, l'art, dans, teyat, espò---tout kapab bay divètisman pou anrichi lavi yon moun ak konsakre l tou. An menm tan tou, nou pa menm bezwen di ke pifò nan sa ki pase pou divètisman yo jodia se bagay vilgè, degradan, vyolan, ki angoudi lespri, epi gaspiye tan. Iwonikman, sa pafwa mande travay di pou jwenn divètisman ki desan. Lè divètisman chanje soti nan vèti tounen vis, li vin tounen yon fòs destriktè pou lavi konsekrasyon. “Se poutèt sa, fè atansyon, pou nou pa panse move bagay soti nan Bondye” (Mowoni 7:14).

Yon lavi konsekrasyon respekte don enkonparab kò fizik yon moun, yon kreyasyon divin pòtre

avèk Bondye. Objektif santral eksperyans mòtèl la se pou chak espri resevwa yon kò epi aprann egzèse libabit nan yon tabènak lachè. Yon kò fizik esansyèl pou egzaltasyon tou, ki vini sèlman nan konbinezon pafè fizik la ak espirityèl la. Nan mond dechi sa a, gen kèk lavi k ap doulourezman brèf, gen kèk kò k ap gen malfòmasyon, k ap deranje, oswa apèn sifizan pou mentni lavi, men lavi ap long ase pou chak espri, e chak kò pral kalifye pou rezirèksyon.

Moun ki kwè ke kò nou pa anyen plis ke rezulta evolisyon pa aza yo ap santi yo pa gen responsabilite devan Bondye ni devan okenn lòt moun pou sa y ap fè avèk kò yo oswa sa y ap fè kò yo. Sepandan, nou menm ki gen yon temwayaj sou gran reyalite etènite premòtèl, mòtèl, ak apre lanmò a, nou dwe rekonèt ke nou gen yon devwa anvè Bondye konsènan akonplisman final kreyasyon fizik li a. Dapre pawòl Pòl:

“Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri a k ap viv nan nou an, Sentespri Bondye te ba nou an? Nou pa mèt kò nou ankò?

“Paske Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè louwanj Bondye” (1 Korentyen 6:19--20).

Si nou aksepte verite sa yo ak direksyon Prezidan Thomas S. Monson nan dènye konferans jeneral mwa Avril la, se sèten ke nou pa pral degrade kò nou, avèk tawaj pa egzanp; ni febli li, avèk dwòg; ni sal li; avèk fònifikasyon, adiltè, oswa endesans.⁴ Paske kò nou se enstriman lespri nou, li vital pou nou pran swen kò sa a osibyen nou kapab. Nou dwe konsakre pouwva li pou sèvi ak fè travay Kris la avanse. Pòl te di: “Se sa k fè, frè m yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri kò nou ba li kòm yon sakrifis vivan, sen, k ap fè Bondye plezi” (Women 12:1).

Jezi te demonstre ke yon lavi konsekrasyon se yon lavi sèvis. Kèk èdtan anvan agoni Ekspsyasyon 1 lan te kòmanse, Senyè a te enbleman lave pye disip li yo, li te di yo:

“Si mwen menm ki Senyè a, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou youn lave pye lòt.

“Mwen ba nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an.

“An verite, an verite, m ap di nou, sèvitè a pa pi gran pase mèt li; ni moun yo voye a pa pi gran pase moun ki voye l la” (Jan 13:14--16).

Moun ki trankilman epi jantiman ap mache fè byen yo se egzanp konsekrasyon. Okenn moun nan epòk nou an pa pi pafètman reprezante karakteristik sa yo nan lavi chak jou li pase Prezidan Thomas S. Monson. Li devlope yon zòrèy pou koute ki ka disène menm ti chichotman pi piti Lespri a ki ap sinyale bezwen yon moun li kapab lonje lamen pou ede. Souvan li reponn nan senp aksyon ki konfime lanmou ak sansiblite divin ni, men Thomas S. Monson toujou reponn.

Nan lavi granpapa m ak grann mwen, Alexander DeWitt ak Louise Vickery Christofferson, mwen jwenn egzanp yon konsekrasyon konsa. Granpapa m sete yon gwo gason, epi li te bon nan tonn

mouton nan epòk anvan te gen tondez elektrik yo. Li te di ke l te sitèlman vin bon nan sa ke, “nan yon jou mwen te tonn 287 mouton e m ta ka tonn plis pase 300, men nou pa t gen mouton ankò.” Pandan ane 1919 la, li te tonn plis pase 12.000 mouton, li te fè 2.000 dola. Lajan an te ka ede l agrandi fèm ni an ak repare kay li, men li te resevwa yon apèl nan men Frè yo pou l te sèvi nan Misyon Sid Etazini an, epi avèk tout sipò Louise, li te aksepte. Li te kite madanm ni (ki te ansent premye pitit gason yo, papa mwen) ak twa pitit fi yo avèk lajan l te fè nan tonn mouton an. Lè l te retounen byen kontan dezan apre, li te deklare: “Ekonomi nou an te dire pandan tout dezan yo, e nou te gen \$29 dola ki te rete.”

Yon lavi konsekrasyon se yon lavi entegrite. Nou wè sa nan mari ak madanm “ki onore alyans maryaj yo nan fidelite total.”⁵ Nou wè sa nan papa ak manman ki demontre ke premye priyorite yo se nouri maryaj yo ak asire byennèt fizik ak espirityèl pitit yo. Nou wè sa nan moun ki onèt.

Sa gen kèk ane, m te fè konesans avèk de fanmi nan demach pou likide yon antrepriz komèsyal yo te posede ade. Prensipal pwopriyetè yo, de mesye ki te zanmi ak manm menm kongregasyon Kretyen an, te fòme konpayi an kèk ane anvan sa. Yo te gen yon relasyon jeneralman amikal antanke patnè biznis, men lè yo te vin ap granmoun epi jenerasyon apre yo a te kòmanse entegre nan biznis la, konfli te kòmanse. Finalman, tout pati yo te deside ke li t ap pi bon si yo ta divize kapital yo epi chak moun fè wout pa li. Youn nan de patè orijinal yo te devlope yon plan avèk avoka li pou bay tèt li yon gwo avantaj finansye nan likidasyon an kont enterè lòt patnè a ak pitit li yo. Nan yon reyinyon de pati yo, youn nan pitit gason yo te plenyen sou tretman enjis sa a epi li te fè apèl ak onè ak kwayans kretyen premye patnè a. Li te di: “Ou konnen sa pa byen. Kijan w ka fè pran avantaj sou yon moun nan fason sa a, espesyalman yon frè nan menm legliz avèk ou?” Avoka premye patnè a te reponn: “O, grandi non monchè! Kijan w fè nayif konsa?”

Entegrite se pa nayivte. Sa ki nayif se sipoze ke nou pa gen pou rann Bondye kont. Sovè a te deklare: “Papa m te voye m pou yo te kapab leve m sou kwa a, e apre yo fin leve m sou kwa a pou m kapab atire tout moun kote m, pou menm jan lèzòm te leve m sou kwa a, menm jan an tou Papa m leve yo pou yo kanpe devan m, pou yo jije pou zèv yo, kit zèv yo te bon oubyen move” (3 Nefi 27:14). Yon moun ki viv yon lavi konsekrasyon pa chèche pran avantaj sou yon lòt moun, men pito, l ap vire lòt bò figi a bay, epi si yo mande l pou bay chemiz li, l ap bay palto a tou (gade Matye 5:39--40). Sovè a te sevèman repwòche ipokrit yo. Ipokrizi pote anpil destrikson, non sèlman pou ipokrit la, men pou tout moun k ap obsève oswa konnen konduit li, espesyalman timoun yo. Se yon bagay ki detwi lafwa, pandan ke onè se sòl kote rasin lafwa devlope.

Yon lavi konsekrasyon se yon bèl bagay. Fòs li ak serenite li se “yon pye fwi ki plante nan yon bon tè, kote yon kouran dlo pi ki bay anpil bon fwi” (D&A 97:9). Sa ki patikilyèman enpòtan se enfliyans yon gason oswa yon fi konsakre genyen sou lòt moun, espesyalman moun ki pi pwòch ak pi chè pou yo. Konsekrasyon anpil moun ki déjà ale anvan nou, avèk lòt k ap viv nan mitan nou, ede poze fondasyon pou bonè nou. Menmjan tou, jenerasyon k ap vini yo pral pran kouraj nan lavi konsekrasyon pa nou, pandan y ap rekonèt dèt yo anvè nou dèské yo posede tout bagay ki vrèman pi enpòtan yo. Se pou nou konsakre tèt nou antanke pitit gason ak pitit fi Bondye; “pou lè 1 parèt, pou nou kapab tankou l, paske n ap wè li jan li ye a; pou nou kapab gen esperans sa a” (Mowoni 7:48; gade 1 Jan 3:2 tou), mwen priye, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Man's Search for Happiness (pamphlet, 1969), 4–5.

2. B. H. Roberts, “Brigham Young: A Character Sketch,” *Improvement Era*, June 1903, 574.
3. Thomas Carlyle, *Past and Present* (1843), 251.
4. Gade Thomas S. Monson, “Preparation Brings Blessings,” *Liahona* and *Ensign*, May 2010, 64–67.
5. “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” *Liahona*, Oct. 2004, 49; *Ensign*, Nov. 1995, 102.